



Pou Piblikasyon Imedya: 20/02/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TO KI PI BA KAY GRANMOUN KI FIMEN NAN ISTWA ETA NEW YORK

Te Gen Yon Diminisyon To Granmoun Ki Fimen Nan Tout Eta a Ki Rive Nan 22 Pousan Apati 2011

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a to granmoun ki fimen te bese nan nivo ki pi ba nan istwa rapòte Eta New York kòm konsekans vas efò pou kanpe ak prevni tabak nan eta a. To granmoun ki fimen nan eta nan 14.2 pousan nan 2016, yon diminisyon 22 pousan konpare a 2011, epi enferyè a mwayèn nasyonal la ki a 15.5 pousan.

“Diminisyon rekò sa yo montre efò kont fimen tabak New York yo ap fonksyone”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Redwi fimen -- ak lanmò ak lamizè ki vini ansanm ak li -- rete vital pou pwoteksyon sante piblik epi nou pral kontinye travay nou pou nou kreye yon New York ki pi ansekirite ak pi ansante pou tout moun.”

[Sistèm Siveyans Faktè Ris Konpòtmantal \(Behavioral Risk Factor Surveillance System\)](#), yon sondaj anyèl nan tout eta a kote yo kontakte granmoun, yo devlope li gras ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention) epi ki sou administrasyon Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health), te dekouvi sa ki pral swiv la a:

To moun ki fimen te diminye pi dramatikman pami jèn moun ki nan laj 18-24 lane, yon diminisyon 46 pousan, soti nan 21.6 pousan an 2011 pou desann nan 11.7 pousan an 2016. Anplis, yo te reyalize pwogrè konsiderab pami kèk gwoup ki gen to ki pi wo fimen pase popilasyon jeneral la. Yo te obsève diminisyon notab pami granmoun ak:

- Yon edikasyon ki pa rive nan nivo segondè, kote to fimen te desann 25 pousan - soti nan 25.7 pousan an 2011 pou desann nan 19.2 pousan an 2016.
- Revni anyèl fanmi an mwens pase 25,000 dola kote to fimen te desann 29 pousan - soti nan 27.8 pousan an 2011 pou desann nan 19.8 pousan an 2016; epi
- Move sante mantal -- defini kòm lè yo gen pwoblèm yo rapòte konsènan estrès, depresyon oubyen emosyon pandan omwen 14 jou nan dènye 30 jou anvan yo - kote to fimen te desann 20 pousan - soti nan 32.6 pousan an 2011 pou desann nan 26.0 pousan an 2016.

Anvan sa Gouvènè Cuomo [te anonse](#) to fimen lakay elèv lekòl segondè te tonbe a nivo ba ki istorik nan 4.3 pousan an 2016, desann kite 27.1 pousan an 2000. Men, Depatman Sante te jwenn tou itilizasyon sigarèt elektronik lakay elèv lekòl segondè te ogmante soti nan 10.5 pousan an 2014 pou monte nan 20.6 pousan an 2016. An 2017, Gouvènè Cuomo te siyen lejislasyon ki [entèdi itilizasyon](#) sigarèt elektronik nan lakou lekòl epi [ajoute sigarèt elektronik](#) nan Lwa Lè Anndan Pwop New York la (New York's Clean Indoor Air Act) Anplis, Bidjè Ekzekitif 2019 Gouvènè Cuomo a pwopoze yon taks sante sou pwodwi vapè ki mezire 10 santyèm/milimèt epi yo tap ekzije machann yo k ap van pwodwi vapè pou yo enskri ak Depatman Enpo ak Finans (Department of Taxation and Finance).

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker, te deklare, “Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York fè gwo pa pou li redwi itilizasyon tabak, ki se premye koz lanmò ak maladi nou ka prevni nan eta a. Nou dwe kontinye travay ansanm pou edike piblik la, enkouraje fimè yo pou kite sa ak prevni itilizasyon tabak nan Eta New York”.

Depi 2000, Biwo Kontwòl Tabak (Bureau of Tobacco Control) Depatman an te ekzekite yon pwogram konplè pou redwi maladi, andikap ak lanmò ki soti nan itilizasyon tabak atravè politik verifeye, chanjman nan sistèm sante, ak estrateji kominikasyon (medya) sou sante.

Kèk nan estrateji verifeye ki kondwi a pwogrè enpòtan nan New York enkli: nou genyen taks eta sou tabak ki pi wo nan nasyon an, lwa pou lè anndan pwòp ki konplè sa ki redwi fimen nan majorite espas travay enkli ba ak restoran, epi aplikasyon solid lalwa pou limite minè gen aksè a tabak epi pwoteje moun New York kont fimen pasif.

Depatman Sante travay ak sistèm swen sante tankou lopital ak sant sante ki kalifye onivo federal pou entegre entèvansyon pou kanpe nan kad livrezon woutin swen sante. Nan apwòch ki baze sou sistèm sa a, klinisyen evalye chak pasyan pou itilizasyon tabak pandan chak vizit, epi ofri tretman kont depandans sou tabak ki baze sou evidans epi ki agresif ki enkli konsèy ak medikaman, ki rete efikas atravè divès popilasyon.

Eta New York te elaji benefis Medicaid lè ou sispan fimen bay tout sèt medikaman pou sispann fimen FDA te apwouve yo, epi yo kouvri anba tout plan Medicaid yo pou tout moun ki enskri. Yo te elimine limit anyèl sou kantite tantativ pou sispann fimen, menm jan yo te retire ekzijans pou gen pre-otorizasyon. Ou ka itilize de medikaman an menm tan, yon estrateji ki enpòtan pou bat depandans nikotin nan fason pèmanan.

Kanpay mas medya Depatman Sante an, sa ki enkli [piblisite resan](#) sa a, pwouve yo ka retire bèlte itilizasyon tabak epi korèkteman dekri konsekans itilizasyon tabak. Kòm rezilta kanpay sa yo ak inisyativ ki baze sou popilasyon, tantativ pou kite rive nan nivo ki pi wo nan de dènye ane yo lè 64 pousan fimè te fè yon tantativ pou kite an 2016 konpare ak 46 pousan an 2003; fimè yo rapòte yo resevwa pi gwo nivo asistans nan men founisè swen sante kote 53 pousan fimè te resevwa asistans ki baze sou evidans konpare ak 37 pousan an 2003; epi to itilizasyon benefis Medicaid la te ogmante nan tout eta a soti nan 17 pousan an 2011 pou ale nan 24 pousan an 2015.

Pou plis enfòmasyon sou Biwo Kontwòl Tabak Depatman Sante nan Eta New York la, klike [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvel ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)